**O’ZBEKSTAN RESPUBLİKASI JOQARI HA’M ORTA ARNAWLI BİLİM BERİW MİNİSTRLİGİ**

**BERDAQ ATINDAG’I QARAQALPAQ MA’MLEKETLİK UNİVERSİTETİ**

# KURS JUMISI

**Or?nlag’an:** **Jamalatdinova A.**

**Qab?llag’an:** **Allambergenova İ.**

**N O’ K İ S - 2014**

**QARAQALPAQ A’DEBIYATIN’ PAYDA BOLIW JOLLARI**

**KIRISIW……………………………………………………..…….………**

***I BAP***

**ORXON-ENISEY YESTELIKLERINiN’ PAYDA BOLIW JOLLARI**

***I.1* .** Orxon-enisey jaziwlarinda Qultegin obrazi

**I.2.** Orxon- Enesey jaziwlarinda Tonikok obrazi.

**II.BAP**

**NOG’AYLI DA’WIRINDEGI QARAQALPAQ A’DEBIYATININ’ PAYDA BOLIW JOLLARI**

II.1.XIV-XV a’sirdegi jiraw-shayirlar miyrasi.

II.2 XVI a’sirdegi Qaraqalpaq a’debiyati

Dospanbet jiraw do’retiwshiligi

**III.BAP**

**MILLIY A’DEBIYATIMIZDIN’ PAYDA BOLIWI**

III.1 Jiyen jiraw do’retiwshiligi

III.2 Jiyen jiraw ha’m onin’ ”Posqan el” tolg’awinda tariyxiy shinliq

**IV. BAP QOSIMSHA BO’LIM**

**PAYDALANI’LG`AN A`DEBIYaTLAR**

**No`kis-2014**

## Kirisiw

Prezidentimiz Islam Karimov "Biz xalqimizdin' du'nyada heshkimnen kem bolmawi perzentlerimizdin' bizdende ko're ku'shli,bilimli,dana ha'm a'lbette baxitli bolip jasawi ushin bar ku'sh ha'm imkaniyatlarimizdi bag'darlap atirg'an yekenbiz,bul boyinsha ruwxiy ta'rbiya ma'selesi,hesh shubhasiz,ten'i joq a'hmiyetke iye boladi. Yeger biz bul ma'selede sergeklik ha'm sezgirligimizdi tabanlilig'imiz ha'm juwapkershiligimizdi jog'altsaq, bul og'ada a'hmiyetli jumisti wo'z halina wo'zi boladiliqqa taslap qoyatug'in bolsaq,muqaddes qa'dryatlarimizg'a suwg'arilg'an ha'm olardan aziqlang'an ruwxiy du'nyamizdan,tariyxiy o'tmishimizden ayirilip,aqir-aqibetinde wo'zimiz umtilg'an uliwma insaniy rawajlaniw jolinan shetke shig'ip qaliwimiz mu'mkin.

Wo'z tariyxin bilmeytug'in,keshegi ku'nin umitqan millettin' keleshegi joq.

Bul haqiyqatliq adamzat tariyxinda ko'p ma'rtebe wo'z tastiyiqlawin tapqan.

Qaraqalpaq xalqi' Worta Aziyada jasawshi' tu`rkiy tilles xali'qlardi'n` biri bolg`anli'qtan bizin` a`sirimizden neshe mi'n` ji'llar buri'n-aq do`retilgen bay folklori'na, jazba a`debiy-ma`deniy yesteliklerine iye.

Shininda da xalqimizdin' o'tmish tariyxinan tek g'ana tariyx derek bermesten a'debiyattin' da ro'li ayiriqsha.Biz buni prezidenttin' to'mendegi pikirlerinen de ko'remiz.

Insandi', woni'n` ruwxi'y du`nyasi'n ashatug`i'n ja`ne bir qu`diretli qural bar, wol da bolsa so`zdin` qu`direti, ko`rkem a`debiyat boli'p tabi'ladi'. A`debiyatti'n` insandi' tani'wshi'li'q dep, shayi'r ha`m jazi'wshi'lardi' bolsa, insan ruwxi'ni'n` injenerleri dep ta`riyipleniwi biykarg`a yemes[1] – dep atap wo`tken yedi Prezidentimiz I. A`. Ka`rimov.

[1] Кәримов И. Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш, Ташкент:- «Маънавият», 2008-жыл, Б.136.

# I BAP ORXON-ENISEY YESTELIKLERINiN’ PAYDA BOLIW JOLLARI

## **I.1** Orxon-enisey jaziwlarinda Qultegin obrazi

630-680-ji’llari’ tu`rkiy qa`wimler Qi’tay patshali’g`i’na bag`i’ni’shli’ boladi’. 680-ji’ldan baslap Qultegin wo`z ma`mleketinin` milliy azatli’g`i’ ushi’n gu`resip, tu`rkiy qag`anatqa qayta tiklep, wo`z ag`asi’n, **Bilge**ni qag`an (xan) ko`teredi. Wo`zi sol ma`mlekettin` bas a`skerbasi’ da`rejesine iye boladi’. Mine, bul tariyxi’y shaxslar Bumi’n qag`an, Qultegin, Tonikok haqqi’ndag`i’ mag`li’wmat qa`bir basi’nda wornati’lg`an qulpi’ taslarg`a qashap jazi’lg`an. Bul jazi’wlar stillik, mazmuni’ jag`i’nan tariyxi’y ji’r, tariyxi’y da`stang`a usaydi’.

Orxon-Enisey jazba yestelikleri tuwrali’ da`slepki mag`li’wmatlar XVII a`sirdin` aqi’ri’nda belgili bola baslaydi’. Enisey da`ryasi’ni’n` boyi’nda taslarg`a belgisiz jazi’wlar bar yekenligi tuwrali’ xabardi’ 1696-1697-ji’llari’ Sibirdi’n` atlas kartasi’n du`zgen Tobol jerinin` turaqli’ jasawshi’si’ Semen Remezov ha`m Amsterdam qalasi’ni’n` burgomistri Vitzen xabarlaydi’. Orxon-Enisey jazi’wlari’n ilimiy ja`miyetshilikke tani’tqan 1709-ji’li’ Poltava qalasi’ni’n` jani’ndag`i’ uri’sta tutqi’ng`a tu`sken xa`m won u`sh ji’l Sibirde tutqi’nda ju`rgen shved armiyasi’ni’n` kapitani’ Tabbert-Stralenberg boldi’. Tabbert-Stralenberg Sibirdi’n` ta`biyati’n izertlewshi germaniyani’n` Dantsig qalsi’nan kelgen D.G. Missershmidti’n` izertlew jumi’slari’nda ja`rdem beredi ha`m wo`zide Sibirdi gezip bul jerde jasawshi’ xali’qlardi’n` tili ha`m ma`deniyati’ tuwrali’ mag`li’wmatlar ji’ynaydi’.

1722-ji’li’ 13 ji’l su`rginnen keyin Shvetsiyag`a qaytadi’ ha`m wo`zinin` ji’ynag`an materiallari’ tiykari’nda 1730-ji’li’ «Evropani’n` arqa-shi’g`i’s bo`legi ha`m Aziya» degen miynetin ja`riyalaydi’. Wo`zinin` usi’ miynetinde Orxon-Enisey jazi’wlari’ tuwrali’da mag`li’wmat berip bul jazi’wlarda «runikali’q jazi’w» dep ataydi’. «Runn» so`zi skandinaviya xali’qlari’ni’n` tilinde «si’ri’ ashi’lmag`an belgisiz, qupiya» degen ma`nini an`latadi’. Biraq ta, bul da`wirlerde hesh kim bunday juwmaq ha`riplerdi woqi’w mu`mkinshiliklerine iye bola almadi’. Son`i’nan XIX a`sirdin` birinshi yari’mi’nda «Sibir` xali’qlari’» jurnali’nda Georgiy Spasskiy din` «Enisey yestelikleri» degen maqalasi’ ja`riyalani’p ha`m bul maqalani’n` lati’n tiline awdari’lg`annan keyin du`nya ali’mlari’ bul jazba yestelikke di’qqat awdara basladi’.

Orxon-Enisey jazba yestelikleri tariyxi’y waqi’yalar boyi’nsha jazi’lg`an boli’p, wonda tu`rkiy xali’qlardi’n` birlesiwi joli’nda qurban bolg`an Qultegin, Bilge qag`an ha`m Tonikok si’yaqli’ bahadi’r, dani’shpan yel basshi’lari’ni’n` roli haqqi’nda so`z yetiledi. Tasqa woyi’p, qashap jazi’lg`an a`debiy-tariyxi’y jazba yestelik Orxon, Selengi ha`m Enisey da`ryalari’ arali’g`i’nda tabi’lg`anli’g`i’ ushi’n ilimde usi’ atama menen ayti’ladi’. Bul jazba yestelikler Orxon, Selengi, Enisey da`ryalari’ jag`alari’nan tabi’lg`an. Ko`zdin` jasi’ menen, ju`rektin` qani’ menen qulpi’ taslarg`a qashap jazi’lg`an bul jazi’wlar qaymag`i’ buzi’lmay bizin` da`wirimizge jetip kelgen.

Erami’zdi’n` V a`sirlerinde Worta Aziyada, Sibir`, Kaspiy ten`izi jag`alawlari’nda ha`m Qazaqstan aymaqlari’nda tu`rkiy qa`wimler awqamlasi’p, Tu`rk qag`anati’n (xanli’g`i’n) wornatadi’. Bu`gingi tu`rkiy qa`wimler dep atalg`an ha`zirgi qaraqalpaq, qazaq, wo`zbek, qi’rg`i’z, tu`rkmen, a`zerbayjan, bashqurt, tatar, altay, chuvash, uyg`i’r, tuva, ha`m tag`i’ basqa xali’qlar Tu`rk qag`anati’ (xanli’g`i’na) birlesken xali’qlar yedi. Tu`rkiy xali’qlardi’ sol da`wirde qag`an (xan) basqarg`an. Woni’n` qasi’nda aqi’lgo`yi, ken`esshisi bolg`an. Tu`rk qag`anati’ni’n` xalqi’ u`sh toparg`a bo`lingen:

1. aqsu`yek (xali’qti’n` joqari’ qatlami’);
2. qara budun (qara puqara);
3. qul, -dep bo`lingen.

Orxon-Enisey jazba yesteliklerin u`yreniwde V. Tomson, V. V. Radlov, P. M. Meliaronskiy, A. Geykel, Yu. Nemeet, S. Malov, I. V. Stevleva, O`zbekstanli’ ilimpazlardan N. M. Mallaev, A.P. Kayumov, G`. Abdiraxmanov, K. Karimov Qazaqstanli’ ilimpazlardan S. Amanjolov, B. Kenjebaev, E. Qon`i’ratbaev, Q. Su`yinshaliev, N. Kelimbetovlar, sonday-aq qaraqadpaqstanli’ ilimpazlardan H. Hamidov, K. Ma`mbetov, Sh. Abdinazimovlar miynet yetti.Professor V.Tomsen yesteliklerdegi bir tan’bani’n’ yekinshi tan’ba menen qatar keliw yamasa qatar kelmew

mu’mkinshiligine na’zer awdardi’. Bul jazi’wdan tu’rkiy tillerdegi dawi’sli’ ha’m dawi’ssi’z seslerdin’ qollani’li’wi’na baylani’sli’ tiykarg’i’ belgilerdi tapti’. Woni’n’ yekinshi jan’ali’g’i’ jazi’wdi’ shepten won’g’a qaray yemes, al won’nan shepke qaray woqi’w kerekligin ko’rsetti. Wol belgisiz jazi’wda 38 ha’rip-tan’ba bar yekenligin ani’qladi’ ha’m tekstti woqi’wg’a yeristi. V.Tomsennin’ izi menen Orxon-Enisey jazi’wlari’n V.V.Radlov, P.M.Melioranskiy, V.V. Bartold, S.E.Malov, I.A. Batmanov, X.N.Orxun h.t.b ilimpazlar woqi’p, wolar haqqi’nda miynetler jazdi’.

Ko’rnekli til ha’m a’debiyat mamani’ V.M.Jirmunskiy ha’m A.Sherbak jazba yesteliklerdi «Tariyxi’y mag’li’wmatlar g’ana»-, dep tasti’yi’qlaydi’.

«Enisey yestelikleri wo’lgen kisinin’ wo’mir bayani’ menen baylani’sli’ boli’p, wonda marhumg’a ta’n bolg’an su’wretleniwi jetekshi»[1],-dep yesaplaydi’. 2003-ji’li’ «Wo’zbek klassikali’q a’debiyati’ u’lgileri» xrestomatiyali’q qolllanbasi’ filologiya ilimlerinin’ doktori’, professor N.Raxmanov, filologiya ilimlerinin’ doktori’ F.Baltabaevlar ta’repinen du’zilip «Fan» baspasi’nan shi’kti’. Wonda basqa jazba yestelikler si’yaqli’ Orxon-Enisey jazba yesteliklerinen Kultegin, Bilke qag’an, Toni’ko’k, Irq bitig yesteliklerine awdarma islengen ha’m yestelikler haqqi’nda qi’sqasha mag’li’wmatlar. Pikirler beredi. Wonda avtorlar ta’repinen yesteliklerdin’ janrli’q wo’zgesheliklerine bi’layi’nsha pikir bildiredi: «Kultegin jazi’w tasi’ jazba a’debiyatti’n’ wo’zine ta’n u’lgisi si’pati’nda tariyxi’y qaharmanli’q janri’na ta’n. Kishi jazi’w bolsa a’yyemgi da’wirindegi oratorli’q wo’nerinen da’rek beredi. Jazi’w tasta joqlaw, saltanatli’li’q janrlari’ni’n’ da yen’ jaqsi’ u’lgilerin gu’zetiw mu’mkin»[1].

A`yyemgi Orxon-Enisey jazba yestelikleri jazi’p qaldi’rg`an tu`rk qa`wimleri ma`selesine kelsek, jazi’wda sol da`wirdin` yen` iri tu`rkiy qa`wimleri qatnasqan. Bulardi’n` ishide qi’tay, qi’pshaq, uri’wlari’ qaraqalpaqlar

---

[1] Рахманов Н. Түрк қағанлығы, Тошкент, «Халқ меъроси», 2002., 62-бет.
[1] Ўзбек мумтоз адабиуоти, I жилд, Тошкент, 2003., 45-бет.

etnografiyasi'na jaqi'nlasadi'. Bulardan ti'sqari' a`yyemgi tu`rkiy qa`wimlerden «tang`ut» degen qa`wimnin` ati' ataladi'. Bizin` pikirimizshe «Tang`utlar» XIII a`sirde xali'q da`rejesine yerisken mani'g`i'tlardi' yeske tu`siredi. Orxon-Enisey jazi'wlari' payda yetken qa`wimler haqqi'nda ko`lemli shi'g`arma jazg`an belgili ilimpaz A. Bernshtam: «Bul ma`selede Gunnlar birlespesi u`lken rol atqaradi'» degen pikirge keledi Yestelikte yeldi a`dil tu`rde basqari'wdi'n` si'rlari' haqqi'nda so`z boladi'. Ma`rt Qulteginnin` ag`asi' yekewinin` tu`rkiy xalqi'n abadanlasqan yelge aylandi'rg`anli'g`i' haqqi'nda aytadi'.

Tu`rkiy xalqi'ni'n` dan`qi' wo`shpesin dep,
Meni qag`an yetip woti'rg`i'zg`an yedi.
Ishi ash,
Si'rti' ton`si'z,
Biyshara, mu`sa`pir xali'qti' basqardi'm.
Inim Qultegin yekewmiz woylasti'q,
A`kemiz, ag`ami'z qurasti'rg`an xali'qti'n`,
Ati', dan`qi' wo`shpesin dep,
Tu`rkiy xali'q ushi'n,
Tu`n boyi' uyi'qlamadi'm,
Ku`ndiz woti'rmadi'm,
Inim Qultegin menen birge,
Iyindi-iyinge qosi'p,
Wo`lip tirilip ulg`aytti'm.

Al yekinshi bir jazi'wlarda tu`rkiy xalqi'ni'n` ga`rezsizligi ushi'n ali'p barg`an milliy azatli'q gu`resleri so`z yetiledi. Qulteginnin` basshi'li'g`i' asti'nda ali'p bari'lg`an sawashlar su`wretlenedi.

Qultegin Azman ag`i'n minip,
Sawashqa atlandi',
Alti' jigitin shani'shti',
Jeti jigitin qi'li'shladi',
Yekinshi ret Qushlag`aqta,
Edizler menen shayqsti'q,

Qultegin Az Qarakerin minip
Shayqasqa atlandi’.
Bir jigitin shani’shti’,
Tog`i’z jigitin jaraladi’.
Og`uzlar menen ayqasti’q ,
Qultegin Azman minip,
Shapti’, shani’shti’,
A`skerin jen`dik.

Tu`rkiy xalqi’ni’n` azamati’ Qultegin 732-ji’ldi’n` jaz aylari’ndag`i’ sawashta qaza tapqan. Pu`tkil tu`rkiy xalqi’ ji’yi’li’p, Qulteginnin` yerligin si’patlap, u`lken yestelik wornatqan. Bul yestelik tiykari’nan u`shew boli’p woni’n` birinshisi Bilke qag`ang`a, yekinshisi Qulteginge, al u`shinshisi Tonikokge arnalg`an ko`rinedi. Al bul yesteliktin` avtori’ ma`selesi haqqi’nda so`z bolg`anda- bul jazi’w Qulteginnin` jigit ag`asi’ Yolli’qtegin ta`repinen jazi’lg`anli’g`i’ ani’q. Sebebi yesteliktin` son`i’nda.

Inim Qultegin qaza boldi’,
Wo`zim qayg`i’rdi’m.
Ko`rer ko`zim ko`rmestey,
Biler aqi’li’m bilmestey.
Wo`zim qayg`i’rdi’m.
Ta`g`dir ta`n`rinin` isi.
Adam balasi’ni’n` ba`ri wo`ledi.
Biraq ta.
Sonsha woylandi’m;
Ko`zge i’ssi’ jas keledi,
Ko`n`ilge awi’r sher keledi.
Tag`i’ da woylandi’m,
Qatti’ qayg`i’rdi’m.
Izimde jetkinshegim,
Tu`rk xalqi’ni’n` belinin` ma`da`ri’,
Ko`z qarashi’g`i’nan ayri’ldi’m.

M. Awezovti’n` pikiri boyi’nsha da «a`yyemgi bati’rli’q ji’rlari’n wo`zleri sawashlarg`a qatnasi’p, ko`zi menen ko`rgen adamlar shi’g`arg`an». Orxon-Enisey jazi’wlari’ni’n` arasi’nda wo`zinin` wo`zgesheligi jag`i’nan Tonikok yesteligide ayi’ri’qsha wori’ndi’ iyeleydi.

Tonikok pu`tkil Tu`rk qag`anati’ni’n` aqi’lgo`yi boli’p woni’n` ati’ professor S. E. Malovti’n` izerlewlerinde Tonikok, professor G`. Muwsabaevti’n` izertlewlerinde Tunqaq, al M. Joldasbekovti’n` izertlewlerinde Toni’ko`k dep beriledi. Yesteliklerdin` ayti’wi’nsha Tonikok ko`pti ko`rgen qariya, tu`rkiy xalqi’ni’n` aqi’lgo`y ko`semlerinin` biri bolg`an. Ma`selen wol wo`zi ha`m xalqi’ haqqi’nda to`mendegishe jazadi’.

Aqi’l iyesi,
So`z iyesi men boldi’m,
Shug`ay Kuzun degen jerde,
Qaraqumda woti’ri’wshi’ yedik;
Kiyik jep;
Qoyan jep, woti’ri’wshi’ yedik.
Xali’q tamag`i’ toq yedi,
Jawi’mi’z ji’rtqi’sh qustay ko`p yedi,
Biz jemtik yedik,
Usi’lay woti’rg`an waqi’tta.
Og`uzlardan yelshi keldi

## **I.2.** Orxon- Enesey jaziwlarinda Tonikok obrazi.

750-jili Selengi daryasi boyinda ornatilg’an bolip onin’ avtori Tonikok biy. Estelik 1897-jili Mongoliyanin’ ortalig’i Ulan-Baturdin’ on’tuslik jag’inan 36 km jerden tabildi.Oni en’ birinshi ret tawip tanistirg’an E. L. Klements.1898-jili Tonikok esteliginin’ foto-suwreti sog’ildi.Sol foto suwrettin’ tiykarinda V.V. Radlov esteliktin’ en’ birinshi awdarmasin jazip baspadan shig’ardi. Estelikti 1909-jili G Ramstedt, 1920-jili B. YA. Vladimirtsov,1957-jili Aalto, 1959-jili G.’ Aydarov aertep estelik haqqinda miynetler jazdi.Song’i waqitlari Tonikok esteligi menen frantsuz alimi R.Jiro da shug’illandi. Esteliktin’ ken’dalada qarama-qarsi tort qirli eki qatar tasqa ju’da jaqsi qashalap jazilg’an. Esteliktegi jaziwlar jaqsi saqlang’an on’ tu’slik jaqtag’i qatar tastin’ biyikligi 1metr 70sm, ol tasta esteliktin’ 1-36 jollari jazilg’an.Ekinshi shep tuslik Qatar tastin’

biyikligi 1metr 60sm.Ol birinshi tasqa qarag'anda sa'l alag'at.Onda esteliktin' 37-62 jollari ornalasqan.Estelikte dana Tonikoktin' o'zi qatnasqan joriqlari menen shabiliwlari Tu'rk qag'anatina baylanisli bir neshe tariyxiy derekler keltirilgen. Tonikok Qutlug' Elteris qag'annin' en' isenimli ken'esshisi.Ol Mochjo Qapag'an waqtinda bir qatar qiyinshiliqlarg'a duwshar boladi.Onin' buring'i Tu'rk qag'anati waqtindag'i atqarg'an xizmeti ko'rinbedi birazg'a deyin ol menen hehkimde sanaspadi.Biraq Mogilyan Bilge qag'an taxtqa otirg'annan keyin Tonikoktin' abirayi arta basladi.Ol endi turk a'skerlerinin'sawash jo'nindegi ken'esshisi xizmetin atqardi. Esteliktin' birinshi jolinda Tonikoktin' Tabg'ash elinde tuwip sol jerde oqip,ta'lim-ta'rbiya bilim alg'anlig'iso'z etiledi.

Bilgish Tonikok menin' o'zim
Tabg'ash elinde tuwildim ta'rbiyalandim
Turkiy xalqi tabg'ashqa ol waqitta bag'inatin edi.TON(1)

Tonikok turk taypalarinin' to'mengi qatlaminan shig'ip tabg'ash atin uslap Tabg'ash elinin' ortalig'inda sol waqitlari oqip a'skeriy bilim alg'an insanlardin' biri. Tonikok oqip bilim alg'an oqiw orninin' manisi tuwrali sol da'wirdegi oqiw ko'rsetkisshi.SE_DENnin' o'mir taritxinda bilay jazilg'anin ko'remiz: " Ortaliqta mirzalar retinde dunyanin' to'rt ta'repinen kelgen ko'shpeli tag'ilardin'balalari oqiytin solardin'ishinde Lun-Tsunlin Tibet a'sker basshisi, Ashida yuanchjan Tonikok ja'ne Sun- Vanyun Qitay a'sker basshisi boldi. Olar sarayg'a kelip Qitaydin' nizamlari menen rejelerin oqidi.O'z ellerine qaytqannan son' olar bizlerdin' shegaralarimizg'a qastiyanliq jasadi" Tonikok so'zinin' kelip shig'iw etimologiyasi bugingi kunge deyin aniqlang'an emes.Ol tuwrali tyurkologiyada bir neshe pikirler bar.Estelikten bizge belgili Bumin qag'an qaytis bolg'annan son' Turk taypalari arasinda qiyinshiliqlar, alawizliqlar Turk mamleketinin' bunnan bilay ha'lsirewine alip keldi. Bunin' ba'ri zamannan ko'z alartip kiyatirg'an tabg'ashlardin' paydasina sheshildi.Bizlerdin' zamanimizdin' 630-jillardin' aqirinda ha'lsiregen Turk mamleketi birotala qulaydi.Ko'pten qa'wipli qon'si otirg'an Turk ma'mleketin qulatqan Tabg'ashlar bunnan bilay jerde turk taypalarina o'z qa'legenin isley baslaydi.Ol tuwrwali estelikte bilay jazilg'an:

Turk xalqi o'ldi alqindi
Joq boldi tutqin ha'lsiregen
Turk xalqi jerinde edik Eshten'e qalmadi
TON(3-4)

Turk taypalari Tabg'ash u'stemligine boysina bermeydi.Tabg'ashlarg'a qarsi el jerden ko'terilisler shig'a baslaydi.Tabg'ashlarg'a qarsi qaratilg'an

ko'terilislerdin' basshilardin' biri Qutlug'qag'an boldi.Bug'an teksten bir misal keltireyik:

Ag'ash penen taslar arasinda qalg'an
Jeti juz kisi edi
Eki bo'legi atli edi,
bir bo'legi jayaw edi
Jeti juz kisini baslawshi
Ulkeni shad edi.

Qutlug' qag'an baslag'an tu'rk taypalari tabg'ashlardi jen'ip jan'a shig'is tu'rk qag'anatin qa'lpine keltirdi.Turk taypalari o'mirinde jan'a da'wir baslandi.Bul esteliktin' 2-19 jollarinda aniqraq bayanlanadi.

Qutlug' qag'an ja'ne Tonikok jan'a Tu'rk qag'anatin ornatip g'ana qoymadi. Olar ko'plegen qon'si ellerdide o'zlerine boysindirip buring'i o'z ata-baba qonislarin qa'lpine keltirdi .
Xan ordasin qolayli Otuken qoynawina a'kelip ornalastirdi.

Turk xalqin Otuken jerine keltirdik
Menin' o'zim bilgish Tonikok
Otuken jerin qonislandi degendi
esitip tusliktegi xaliq batistag'i
teristiktegi,shig'istag'i xaliqlar keldi.
TON

Qag'an a'skerleri Shandun jazig'ina deyingi jerlerdi toliq o'zlerine boysindirip ten'izge deyin jetti.Bul da'wirge deyin Turk qag'ani qag'an bolg'ali turk taypalari o'z aldina el bolg'ali bul jerlerge hesh waqit jetpegen edi.
Turk qag'anlari Qutluq odan son' Qapg'an jane Bilke qag'an ha'r waqit o'zleri mene n qon'si otirg'an ellerin a'sirese tabg'ashlardan qatti qawiplenetug'in edi. Sonday-aq Turk taypalarina jatatug'in tayaw otirg'an on oq kirkizlardanda qa'wipsiz emes edi .Bul esteliktin'18-23 jollarinda aniq ko'rsetilgen.

tabg'ash qag'ani jawimiz edi
On oq qag'ani jawimiz edi
Artqi kirkiz kushliqag'anida
Jawimiz boldi
Sonsha oylandim urisayiq dedim

Tonikoktin' aytiwi boyinsha u'sh qag'an yag'niy: tabg'ash,on oq ja'ne ku'shli kirkiz qag'anlari birigip ku'tpegen jerden topilis jasawdi rejelestirgen.Bug'an

basqada qon'si qag'anlar qatnaspaqshi bolg'an.Tonikoktin' aldin ala jasirin jasag'an bag'dari boyinsha en'aldi menen atlanis jasaw rejelestirildi. A'skerlerge ku'tpegen jerden topilis jasaw ushin alg'a ju'riwge buyriq berildi . Biraq jer ko'rsetiwshi jolda adasip da'l sol jerdin'o'zinde o'ltirildi.

Aldag'i erler joqari ko'terilip
Putali biyik shin'nan satiq
Qiyinshiliq penen on tu'n degende
taw bawirina bardiq
Jershil jerden adasip o'ltirildi.
M un'ayip qag'an jele ko'r dedi TON( 26)

So'ytip qag'an Ani suwin boyi menen ju'rip aylanadi atlarin putalarg'a bayladi. Ku'n-tu'ni menen tinbay ju'rip kirkiz qag'anina jetti,shabiw jasadi>ol jen''is penen juwaqlandi ol tuwrali estelikte to'mendegishe jazilg''an:

Ani subi menen barayiq
Sol Suw menen to''men jurdik
Sonag''ali toqtadiq
Atti putag''a bayladiq
kun demey tun demey jetip bardiq
Qirkizdi uyqida bastiq TON(27)

Tonikok o'zi Anatoliya turklerinen bolipo'zinin' bilimliligi ham tapqirlig'i jag'inan birinshi ken'esshisi da'rejesine erisken.Ol negizinen turk qag'anati tariyxinda turklerdin' tabg'ashlarg'a tutqin bolg'an da'wirlerde payda bolg'an . Ilimi ham o'neri jag'inan Bilke qag'ang'a unap qalip qag'andi qaytadan ta'rbiyalawda ham Bilkenin' o'z mamleketin qaytadan tiklep aliwina sebepshi bolg'an adam.Sonin' ushinda qulpi tastag'i jaziwlar 716-jilg'i waqyalardi bayanlawdan baslag'an.Bunda Tonokok' tabg'ash elinde ta'rbiyalang'an ham buljerde tutqin sipatinda kelgen.Bilke ja'rdem bermekshi bolg'anin,son'inan qag'andi alip qaship batir jigitlerge basin qosqanin, solay etipqaytadan Turk qag'anlig'in duzgenligin haqqinda aytadi.Bul waqiyalar dizbegi qulpi tasta to'mendegishe:

Men Bilke Tonikok
Tabg'ash elinde tarbiyalandim

Turki xalqi ol waqitta
Tabg'ashqa qaraytug'in edi
Da'sler tu'rki xalqinin' qag'ani bolmay

Son’inan qag’ani boldi
Tabgashlardan ajiraldi
Qaganin taslap
Tabgashqa qaytadan bag’indi
Ta’ri sonda bilay degen eken
Qag’an berdim
Qaganin’di taslap basqa jurtqa bag’indin’
Basqaga bag’inganin’ushinda
Quday seni g’arg’adi
Turki xalqi qirildi
Askerleri joq boldi
Turki xalqi jasag’an jerlerde
Tirishilik qalmadi
Oyda qirda qang’ish qalg’anlarin’ bar edi g’oy
Jeti juz adam
Eki bo’legi atli
bir bo’legi piyada edi
Jeti juz adamdi izine eritken
Ko’semi bir biy edi
Izime ilesen’dedi
Ileskeni men boldim
Qag’an bar jerde xaliq jiynaldi
Men bilke Tonikok
Sizdi qagan etip saylamaqshiman dedim
Jane oylandim
Bul kisi ariq buga menen
Semiz buganin parqin bilmes dep
Juda qorqtim
Solay bolsada
Ta’n’ri biylik bergeni ushin
Oni qagan etip sayladim
Ol aytti:
Bilke Tonikok o’zin tarxan bol
Men Elteris qagan bolayin dedi

Usi so’zlerdin’ o’zinen -aq belgili Tonikok qag’an bolg’an emes,biraq bilimli o’zine jetetug’in bilgir so’z so’ylese ilay suwdi tindiratug’inday sheshen adam bolg’an .

## *II.BAP*
## NOG’AYLI DA’WIRINDEGI QARAQALPAQ A’DEBIYATININ’ PAYDA BOLIW JOLLARI

### II.1.XIV-XV a’sirdegi jiraw-shayirlar miyrasi.

Bul da’wirdegi jiraw-shayirlar miyrasina toqtalg’animizda Soppasli Sipira jiraw,Asan qayg’i,Jiyrenshe sheshenlerdi aytip o’tsek boladi.
Soppasli Sipira jiraw XIV a’sirde jasag’an ko’rnekli so’z sheberlerinen biri bolip Onin’ miyrasi elege shekem toliq izretlengen emes.Qaraqalpaq jirawlarin’ xronologiyaliq kestesi tiykarinan usi jirawdin’ ati menen baslang’an bolip,onin’ ha’tte qaysi zamanda jasag’anlig’i belgisiz bolip keldi.bul haqqinda en’ da’slepki ilmiy pikr ju’rgizgen alim N.Dawqaraev bolip,ol jirawlar miyrasin tariyxiy da’wirlerge sa’ykes u’yrenip, XIV a’sirde jasag’an belgili so’z sheberi ekenligin aniqladi.Soppasli Sipira jiraw Toqtamis xannin’ aqilgo’y adamlarinin’ biri bolip, o’miri Sarayshiq,Astraxan,Jan’akent ha’m U’rgenish a’tirapinda o’tedi.
Qipshaq qa’wimleri arasinan shiqqan so’zge sheshen,danishpan adamlardin’ biri bolg’an.So’zinin’ o’tkirligi jag’inan xanlar arasinda bolg’an ayirim qarama-qarsiliqlardi da a’dil tu’rde sheship bere alg’an adam.Onin’ ati qaraqalpaq,qazaq,nog’ay,tatar ha’m bashqurt ma’deniyatinin’ tariyxinda da ushiraydi.Biraq barliq dereklerde de “Soppasli Sipira jiraw qaraqalpaq jirawlar mektebinin’tiykarinsaliwshidepatapko’rsetedi”.SoppasliSipirajirawhaqqindaN.Dawqaraev,I,Sag’itov,Q,Ayimbetov,M,Nurmuhammedov,Q,Maqsetov,K,Ma’mbetov, S,Bahadirova ha’m basqa alimlardin’ miynetlerinde bir qansha to’reli pikrler ortag’a taslang’an.N,Dawqaraev 1944-jili jaqlag’an “Revolyutsiyadan buring’i qarqalqalpaq a’debiyatin’ payda boliwi” haqindag’i dissertatsiyasinda qaraqalpaq a’debiyatinin’ sag’asi negizinen usi jirawdan baslanatug’inlig’i haqqinda pikrdi aytqan. Biraq jazba dereklerdin’ jetkiliksiz bolg’ani sebepli ol waqitlari Soppasli Sipira jiraw do’retpesi toliq ashilmay qalg’an edi. Biraq professorlar Q,Ayimbetov Q,Maqsetov ha’m K,Ma’mbetovlar keyingida’wirde bul temag’a jan’aliq en’gizdi. Bul jiraw miyraslari haqqinda arnawli maqalalar ja’riyaladi.en’ sipatli jeri sonda,xaliq tap usi ku’nge shekem de onin’ tolg’awlarin umitpag’an.
O’zbekistan Ilmler Akademiyasinin’ Qaraqalpaqstan filialinda Qaraqalpaqstan Ma’mleketlik Universitetinin’ Qaraqakpaq a’debiyati kafedrasinda xaliq jirawlarinin’ miyraslarina arnalg’an qol jazba fondlari sho’lkemlestirildi.
Bul fondlarda Soppasli Sipira jirawdin’ 30 aslam tolg’awlari saqlanbaqta.

Qol jazbadan jazip aling’an u’lgiler

Мен бабап’мап, baban’man,
Мен nelerdи ко’rmedim,
Мен qaylardaa ju’гмedim,
А’кеу хан менен Sha’key хан,
Muni кө’rgен baban’man.
Shina qizdан тuwg’an ul
Senin’ baban’ Shing’is хан.
Muni кө’rgен baban’man
Bularda o’tip ketken son’.
Ma’deminxan menen Ten’gejan
Muni кө’rgен baban’man
Jasar jasim jasadim
Bir ju’z altpish jasadim
Shirkewli degen sha’ha’rde
Toqqiz xannin’ sarqitin
Bir ma’jliste asadim
Bularda o’tip ketken son’
Xan Shing’istin’ wag’inda
On bir patsha bar edi
Edildin’ qubla jag’inda
Xannin’ altin sarayinda
On bir patsha ja’m boldi
On bir patsha aldinda
Qobiz alip so’z so’ylep
Tolg’aw aytqan baban’man.

Asan qayg’i- ko’rkem so’z iyesi bolip xaliq arasina taralip ketken.Asan qayg’inin’ biz usi waqitqa shekem qaysi da’wirde jasag’an adam ekenin bilgenimiz joq Biraq onin’ xaliq arsine jayilip ketken ha’rbir so’zin yadimizdan shig’arg’animiz joq. Asan qayg’i haqqinda N,Dawqaraev,Q,Ayimbetov,Q,Maqsetov,I,Sag’itov ha’m M,Nurmuhammedovtin’ miynetleri bar.
Asan qayg’i haqqinda belgili shig’istaniwshi ilmpazlar –Sh.Waliyxanov ha’mde G.P.Potanin ler izretlwler alip barg’an.Asan Qayg’i eki xang’a xizmet etken Birinshisi Qazan xani Ulug’ Muhammed,Ekinshisi- Ja’nibek xan.
Asan Ja’nibek xannin’ saliq siyasatina naraziliq bildirip to’mendegi qatarlardi keltirip o’tedi:

Men aytpasam bilmeysen’
Aytqanima ko’nbeysen’
Jabig’ip jayqan xalqin’ bar
Elin’ di go’zlep ko’rmeysen
Qimiz iship qizinip
Qizaran’lap terleysen
O’zin’nen basqa xan joqtay
elerip nege so’yleysen
Xalqin’ qaytip shidaydi

Jag’daysiz kelgen bul iske
Orinsiz kelgen saliqtan
G’a’ziynen’di toltirdin’
Altin menen gu’miske
Elin’e baxit darirma
Edil menen Jayiqti
Jag’alap ko’ship ju’riste

Xan siyasatin keskin a’shkaralag’an
“Alt?n nog’ayl?zaman?n?n’ en’ ko’rnekli filosof?’. Tariyxsh?lard?n’ mag’l?wmat?na ko’re 1370-j?llar?Edil boy?nda tuw?lg’an. Qaraqalpaq nog’ay ha’m qazaq a’debiyat?tariyx?nda u’lken iz qald?rg’an.

Asan Qayg’?hin’ teren’ mazmung’a bay tolg’awinan biri:

- Taza minsiz has?l tas
- Suw tu’binde jatad?,
- Taza minsiz has?l so’z,
- Oy tu’bine jatad?.
- Suw tu’binde jatqan tas.
- Jel tolq?tsa sh?g’ad?,
- Oy tu’binde jatqan so’z,
- Sher tolq?tsa sh?g’ad?

Bul qatarlardin’ o’zi aq onin’ qay da’rejede dana ekenin ko’rsetedi.

## II.2 XVI a’sirdegi Qaraqalpaq a’debiyati
## Dospanbet jiraw do’retiwshiligi

Qaraqalpaq jazba a`debiyati’ni’n` sag`alari’ bolg`an ji’raw shayi’rlar miyraslari’nda terme-tolg`awlar tiykarg`i’ wori’ndi’ tutadi’. Arg`i’ basi’ Qorqi’t atadan (IX) baslang`an ji’rawshi’li’q wo`neri Soppasli’ Si’pi’ra ji’raw (XIV), Asan qayg`i’ (XV), Dospanbet ji’raw (XVI), Mu`yten ji’raw (XVII), Jiyen ji’raw (XVIII) si’yaqli’ ji’raw-shayi’rlardi’n` miyraslari’na kelip tutasadi’. Wolar do`retken ji’rlardi’n` ha`r birinde wo`tkendegi da`wirdin` awi’r ko`rinisi, zaman ten`sizligi, xali’qti’n` sotsialli’q turmi’s ma`seleleri tariyxi’y tolg`awlar menen aqi’l-na`siyat u`lgisindegi termelerde ken`nen sa`wlelengenligi belgili. Ma`lim bolg`ani’nday XVI a`sirde

qaraqalpaqlardi'n` buri'ng`i' "Nog`ayli'" atamasi'n qol berip, wo`z aldi'na "qaraqalpaq" degen atama menen tariyx maydani'nda ko`ringeni belgili. Bul da`wir uri'wli'q, qa`wimlik, a`debiyat g`ana yemes al wo`z aldi'na payda bolg`an xali'qli'q a`debiyat penen xarakterlenedi. Dospanbet tolg`awlari' qaraqalpaqlar, qazaqlar, nog`aylar, qumi'qlar, tatarlar, qarashaylar arasi'nda ken` tarqalg`an. Woni'n` tolg`awlari' basqa ji'raw-shayi'rlardan a`dewir aji'rali'p turatug`i'n ko`rkemlik si'patlarg`a iye. Miyraslari'ni'n` ko`pshiligi yelinen ayi'ri'lg`an bati'rdi'n` ishki da`rtleri menen aralasi'p, xali'qti'n` su`yiw motivleri menen aralasadi'. Dospanbet ji'raw haqqi'ndag`i' da`slepki mag`li'wmatlar tek Sa`dirbay Ma`wlenov qoljazbalari'nda g`ana tilge ali'ndi'. Biraq «biylikke talasqan adam» delingennen keyin woni'n` tolg`awlari'na qorqi'n`qi'rap qatnas jasag`an. Sol sebepli bolsa kerek, «Aylani'p aqqan aq jayi'q», «Arg`i'maqqa woq tiydi», «Adamzatti'n` balasi'» tolg`awlari', xali'q tolg`awlari' tiykari'nda dizimge ali'ng`an.

XVI a`sirde qaraqalpaqlardi'n` xali'q boli'p qa`liplesiwi menen birlikte, woni'n` a`debiyati' da shi'n ma`nisinde qa`liplesti –dep ayti'wg`a boladi'"[1] deydi prof. K.Ma`mbetov. Bunda qaraqalpaqlardi'n` nog`ayli'dan ayi'ri'li'w da`wirindegi shayi'rlari' Dospanbet penen Shalkiyiz do`retiwshiligi basli' wori'nlardi' atqaradi'. Wolardi'n` wo`mir su`rgen waqti' XVI a`sirdin` **w**ortasi', bizin` babami'z Wormanbettin` tosattan qayti's boli'p, Nog`ay wordasi'ni'n` i'di'rap ati'rg`an da`wirleri yedi. Dospanbet penen Shalkiyiz mine usi' waqi'tta jasadi'. Usi' da`wirdegi qi'yankesti waqi'yalarg`a wo`z pikirlerin, ko`z-qaraslari'n bildirip woti'rdi'.

Dospanbet ji'raw haqqi'nda da da`slepki mag`li'wmat 1883-ji'li' Muhammed Ospanov ta`repinen Sankt-Peterburgta shi'g`ari'lg`an

[1] Мәмбетов К. Әййемги қарақалпақ әдебияты. Нөкис, Қарақалпақстан. 1976, 137-бет.

"Nog`ay wa` Qumi’q shi’g`i’rlari’"[1] miynetinde wog`ada bahali’ mag`li’wmatlar beredi. Woni’n` jasag`an zamani’ Muwsa biy wo`liminen keyin woni’n` u`lken balasi’ Shayx Mamaydi’n` taxtqa woti’rg`an ji’llari’na tuwra keledi. Mi’sali’ wol bir tolg`awi’nda:

Qog`asi’ ko`ller mol suwlar,
Qoni’slar basqan wo`kinbes,
Ari’slanday womi’rawli’,
Arg`i’maq mingen wo`kinbes,
Jupari’n qarday borati’p,
Ari’wlar qushqan wo`kinbes,
To`rt to`bel at minip,
Toy jaylag`an wo`kinbes,
Qurama shopshaq ko`p qi’mi’z,
Quwi’p ishken wo`kinbes,
Jaw quwsi’rsa ja`n-jaqtan,
Wol qalqanday shanshi’lsa,
Qan juwsanday sebilse,
Aqqan suwday to`gilse…
Yeregisip ayqasi’p,
Yer Mamaydi’n` aldi’nda,
Sheyit wo`lgen wo`kinbes.

Bul pikirlerine qarag`anda ji’raw Əmir Muwsani’n` u`lken bolg`an Mamayg`a sadi’q bolg`an adam. Dospanbettin` keyingi tolg`awlari’ni’n` ha`mmesi derlik jawgershilik penen baylani’sli’. Bul negizinen nog`ayli’ qa`wimleri arasi’ndag`i’ ishki sawashlar bolsa itimal.
Negizinde Azov ten`izi jag`i’na qaray shegingen Kishi Nog`aylardi’n` bayrag`i’n ko`teretug`i’ni’n moyi’nlaydi’. Soni’n` ushi’n wol da`slep

[1] Оспанов М. Ноғай ўэ Қумық шығырлары. Санкт-Петербург. 1983-жыл.

Shayx Mamay jag`i'nda bolsa, son` Woraq ha`m Qazi'y ta`repine wo`tken. Qalay da Dospanbet inisi Aymedet yekewi u`lken qaharmanli'qlar ko`rsetip Azov ten`izi betke qaray qashqan. Sol sawashta Dospanbettin` jaralani'wi' ji'rawdi'n` da jazi'p qaldi'rg`an tolg`awlari'nda u`lken iz qaldi'radi'. Mi'sali':

Arg`i'maqqa woq tiydi,
Qi'l moyni'ni'n` tu`binen,
Aymedetke woq tiydi,
Woti'z yeki womi'rtqani'n` buwi'ni'nan,
Zuwlap aqqan qara qan,
Ti'yi'lmadi' janni'n` woq tami'ri'nan,
Saq yeter tiydi sani'ma,
Qatti' batti' jani'ma,
Qoni'shi'm toldi' qani'ma…

Uli'wma Dospanbet ji'raw tolg`awlari' ayti'lajaq pikirinin` ani'qli'g`i', shireliligi menen aji'rali'p turadi'. Ko`birek ma`rtlikti, bati'rli'qti' uli'g`lawda qarati'li'p joqari' ko`rkemlilikke iye. Mi'sali':

Jaradar boldi'm jan tatli',
Jara awzi'na qan qatti'.
Jarmay pilte salg`anday,
Jaramdi' tan`ar jan qayda?

Dospanbet ji'raw, shayi'r ha`m xali'q bati'ri'. Ja`ne de yel basqari'wshi' biylerdin` biri boli'wi' da itimaldan ji'raq yemes. Wo`ykeni biz joqari' aytqani'mi'zday «biylikke talasqan adam» si'pati'nda qaralg`ani' biykarg`a ayti'lmag`an. Sebebi, Dospabet tariyxi'y da`reklerge qarag`anda Wormanbet biydin` tuwi'sqan ag`asi'. Inisi menen Wormanbet biy menen biylikke talasi'p Azi'wli' (Azov) ten`izi betine qaray shi'g`i'ni'p ketken. Sol sebepli Dospanbet ji'raw tolg`awlari' Kavkaz nog`aylari' menen Yedil boylari'n jag`alag`an xali'qlar arasi'nda

ken` taralg`an.Qaraqalpaq a’debiyati’ tariyxi’nda Dospanbet ji’raw tolg`awlari’ u’lken a’debiy miyras si’pati’nda u’yreniletug’i’n temalardi’n biri. Wolardi’n’ do’retiwshiligi tek g’ana poeziyali’q shi’g’armalar boli’r qalmastan, xali’qti’n’ sol da’wirdegi social-ekonomikali’q jag’dayi’n, ma’deniy turmi’si’n, a’debiy wortali’g’i’n u’yreniwde tiykarg’i’ da`rekler boli’p xi’zmet yetedi. Sol ushi’n da tolg’awlardi’n’ janrli’q, tematikali’q wo’zgesheliklerin, wolardag’i’ poetikali’q sheberlik ma’selelerin u’yreniw aktual ma’selelerden yesaplanadi’. Dospanbet ji’raw do’retiwshiliginin’ poetikasi’n u’yreniw bari’si’nda biz tolg’aw tekstlerindegi troplardi’n’ izertleniw za’ru’ligin anladi’q. Tolg’aw janri’ni’n’ wo’zgesheligi sonda, wol ko’birek mun’li’ xarakterge iye boladi’. Sebebi, «tolg’aw» so’zinin’ wo’zi «tolg’ani’w» degen so’zden kelip shi’qqan. Wol yari’m folklorli’q shi’g’arma dep te ataladi’. Wondag’i’ bayanlani’w usi’llari’ da’stan ha’m xali’q qosi’qlari’ndag’i’ bayanlaw usi’llari’ menen u’nles keledi. Soni’n’ ushi’n da wolardi’n’ atqari’li’w bag’i’ti’, syujetlik liniyasi’, sonday-aq, poetikasi’ da bir-birine jaqi’n keledi. Tolg’awlarda qollani’lg’an troplar haqqi’nda da usi’ pikirdi aytsaq boladi’.

## III.BAP
## MILLIY A’DEBIYATIMIZDIN’ PAYDA BOLIWI
### III.1 Jiyen jiraw do’retiwshiligi

Jiyen ji’raw XVIII a`sirdin` worta da`wirinde wo`mir su`rgen qaraqalpaq xalqi’ni’n` ulli’ ji’raw-shayi’ri’. A`lbette, bul da`wirlerde Jiyen ji’rawdan basqa da ko`p g`ana ji’raw-shayi’rlar jasag`an boli’wi’ mu`mkin. Biraq wolardi’n` shi’g`armalari’ Jiyen ji’rawdi’n` do`retpelerindey boli’p xali’q arasi’nda saqlani’p qalmag`an. Jiyen ji’rawdi’n` do`retiwshiligin arnawli’ tu`rde izertlegen ilimpaz Arti’q Karimovti’n` ani’qlawi’na qarag`anda shayi’r 1730-ji’llar

shamasi'nda tuwi'li'p, 1784-ji'li' qayti's bolg`an.[1] Izertlewshinin` bul ani'qlag`an sa`nesi ja`miyetshiligimiz ta`repinen maqullani'ldi' ha`m ha`zirgi waqi'tlari' a`debiyattani'w iliminde birden-bir duri's sa`ne tiykari'nda qabi'l yetilip ju`r. Shi'g`armalari'ni'n` mazmuni'na qarag`anda Jiyen ji'raw wog`ada jarli' shan`araqtan shi'qqan. Jas waqi'tlari'nda kisi yesiginde ju`rip xi'zmet islegen, qoy-yeshki baqqan. Jiyen ji'raw qaraqalpaq xalqi'ni'n` turmi'si'ndag`i' ha`diyseler menen tikkeley baylani'sli' wo`mir su`redi, turmi'stag`i' boli'p ati'rg`an waqi'yalardi'n` socialli'q, siyasiy mazmuni'n miynetkesh xali'qqa tu`sindiriwshi, wo`zinin` jasag`an da`wirinin` yen` aldi'n`g`i' qatar adami' boldi'.Jiyen ji'raw wo`mir su`rgen XVIII a`sirde qaraqalpaq xalqi' wo`z basi'nan ha`r qi'yli' tariyxi'y waqi'yalardi' wo`tkerdi. Shayi'r miynetkesh xali'qti'n` basi'ndag`i' ten`sizlikti, awi'rmanli'qti' xali'q qatari' wo`zi de keshirdi. Sonli'qtan da woni'n` shi'g`armalari' wo`zi jasap turg`an zamanni'n` sa`wlesi boli'p, sol da`wirdin` shi'nli'q kartinalari'n bizin` ko`z aldi'mi'zg`a yelesletedi. A`debiyat penen tariyx bir-birine ku`ta` baylani'sli'. Ha`r bir a`debiy shi'g`armani' tu`siniw ushi'n sol shi'g`armani'n` payda boli'wi'ndag`i' tariyxi'y jag`daylardi' tu`sinip ali'wi'mi'z kerek. Sonli'qtan, Jiyen ji'rawdi'n` wo`mirin ha`m do`retiwshiligin duri's tu`siniwimiz ushi'n woni'n` jasag`an da`wirindegi tariyxi'y jag`daylarg`a qi'sqa bolsa da toqtawi'mi'z za`ru`r.

Qaraqalpaq xalqi'ni'n` tariyxi' boyi'nsha jazi'lg`an miynetlerdin` ko`rsetiwine qarag`anda qaraqalpaqlar Xorezm woypati'na, ha`zirgi waqi'ttag`i' territoriyasi'na ko`ship qoni'slanbastan buri'n ha`r qi'yli' tariyxi'y jag`daylardi' basi'nan keshirgen. XVI a`sirdin` aqi'ri'nan XVIII a`sirdin` wortasi'na shekem qaraqalpaqlardi'n` tiykarg`i' xalqi' Si'rda`r`yani'n` worta ha`m to`mengi jag`i'na jaqi'n territoriyalarda jasap turg`an. Si'rda`r`ya karaqalpaqlari'ni'n` ko`pshilik bo`limi XVI a`sirdin` dawami'nda ha`m XVIII a`sirdin` wortasi'na shekem qazaqlardi'n` arasi'nda jasag`an ha`m wolar qazaq xanlari'na siyasiy ekonomikali'q jaqtan g`a`rezli bolg`an. Qaraqalpaqlar ata jurti' Tu`rkstanda woti'rg`an ji'llari' si'rtqi' basi'p ali'wshi'lar menen talawshi'lardi'n` sebebinen

[1]Каримов А. Жийен жыраўдың өмири ҳәм творчествосы, Нөкис, «ҚМБ», 1962. 52-бет.

bir neshe ma`rte jawgershilikke ushi'raydi'. Bul jag`daylar qaraqalpaq xalqi'ni'n` ja`n-jaqqa posi'p ketiwine sebepshi bolg`an.Jiyen jirawdin' "ha' xanimiz,xanimiz" "Ilag'im" "Ulli taw" siyaqli tolg'awlari bizge belgili

Jiyen xalqi'mi'zdi'n` yen` su`yikli shayi'ri' boli'wi' menen birge, wol belgili ji'raw boli'p tabi'ladi'. Ji'rawshi'li'q xalqi'mi'zdi'n` a`yyemgi saz ha`m so`z wo`nerinin` biri. Qaraqalpaq shayi'rlari'ni'n` bir wo`zgesheligi bar, bul qaysi' shayi'rdi' ali'p qarasan`i'zda ya baqsi', ya ji'raw boladi'. Bul jag`day iskusstvo menen a`debiyatti'n` birlikte, aralasi'p rawajlani'p kiyati'rg`ani'n ko`rsetedi. Ji'rawdi'n` bul tarawdag`i' xi'zmeti ayri'qsha ulli'. A`debiyatshi' N.Da`wqaraev aytqani'nday, Jiyen ji'rawli'qta qaraqalpaq iskusstvosi' tarawi'nda u`lken bir mektepti baslawshi'lardi'n` biri boldi'. Sebebi, a`sirler boyi' xali'q arasi'nan ori'n ali'p kelgen "Qi'ri'q qi'z", "Alpami's", "Yer Ziywar" t.b. da`stanlardi' Jiyen ji'rawdi'n` yosh penen atqarg`anli'g`i'n da`lilleytug`i'n mag`li'wmatlar bar. Sonli'qtan "Qi'ri'q qi'z" da`stani' jo`ninde ji'raw Qurbanbay Ta`jibaev bi'lay deydi:

Jiyen degen ji'rawdan,
Nusqa boli'p doslari'm,
Qaldi' bu`gin bul da`stan,
Xali'qti'n` kewlin qi'li'p shad,
Jiyen ji'rawdi'n` sha`kirti,
Ji'raw da bolg`an Xalmurat,
Alpi's ji'l aytqan bul so`zdi.[1]

Jiyen ji'rawdi'n` wo`mirine baylani'sli' materiallardi'n` yen` birinshisi woni'n` do`retiwshiligi arqali' belgili boladi'. Woni'n` "Posqan yel", "Ulli' taw" poemalari' ha`m "Xosh boli'n` doslar", "A`y jigitler, jigitler", "Ha xani'mi'z, xani'mi'z" shi'g`armalari'nda Jiyen ji'rawdi'n` Tu`rkstanda tuwi'lg`an shayi'r yekenligi ani'qlanadi'. Tariyxshi' ha`m a`debiyatshi' ilimpazlar Jiyen ji'raw qaraqalpaqlardi'n` Tu`rkstannan posi'p ko`shken da`wirinde 30-55 jaslari'nda bolg`an boli'wi' kerek dep boljaydi'.

## III.2 Jiyen jiraw ha’m onin’ ”Posqan el” tolg’awinda tariyxiy shinliq

"Posqan yel" tolg`awi’ jawgershiliktin` saldari’nan ata-ma`kani’n taslap ko`shken qaraqalpaq xalqi’ni’n` Tu`rkstannan Xorezmge ko`ship kelip jayg`asi’wi’ menen tamamlanadi’. Shayi’r ashshi’ ha`m tariyxi’y ha`m turmi’s shi’nli’g`i’n burmalamastan, real su`wretlep beredi.

Qaraqalpaq xalqi’ni’n` tariyxi’ndag`i’ ku`ta` awi’r keshken waqi’yalardi’n` biri - wolardi’n Tu`rkstannan Xorezmge ko`shiwi boldi’. Bu`lginshilik u`stine "jol azabi’ go`r azabi’" na ten` boli’p xali’q qatti’ qi’yi’nshi’li’q ko`rdi. Jiyen ji’raw posi’p ko`shken xali’qti’n` ishinde boli’p, bu`lginshilik ha`m joldi’n` azabi’n xali’q penen birge basi’nan keshirgen. Shi’g`armani’n` tiykarg`i’ qaharmani’ - Jiyen ji’raw wo`z waqti’ni’n aldi’ng`i’ qatardag`i’ woy-pikirli adami’ bolg`anli’qtan, sol da`wirdin` yen` a`hmiyetli tariyxi’y ha`m socialli’q ma`selelerin ji’rlag`an demokrat shayi’r. "Posqan yel" tolg`awi’ XVIII a`sir qaraqalpaq a`debiyati’ni’n` jarqi’n yesteliklerinin` biri boli’wi’ menen qatar qaraqalpaq xalqi’ tariyxi’n toli’qti’ratug`i’n bahali’ tariyxi’y da`rek boli’p tabi’ladi’. Jiyennin` wo`zi de tolg`awdi’n` bir personaji’ retinde syujettin` bastan aqi’ri’na shekem qatnasi’p baradi’. Shayi’rdi’n` "Posqan yel" , "Ulli’ taw" tolg`awlari’ xali’qlardi’n` ata jurti’ Tu`rkstannan Si’rda`r`yani’n` ayag`i’, Quwanda`r`ya, Jan`ada`r`ya boylari’nan ko`terip, bul jerlerden posi’p Xorezmge, yag`ni’y ha`zirgi jasap ati’rg`an jerlerine kelgennen keyingi bir a`sirlik da`wirdin` ko`rkem sa`wlesi boli’p tabi’ladi’. Bul shi’g`armalari’nda wol ha`r qanday qi’yi’nshi’li’qqa, bu`lginshilikke, posqi’nshi’li’q, jawi’zli’q, ha`m ten`sizlikke ushi’rag`an yeldin` mun`-sherin, arzi’w-a`rmanlari’n wortaqlasadi’.

Jiyen ji’rawdi’n` "Posqan yel" tolg`awi’ 1937-ji’li’ Taxtako`pir rayoni’ni’n` 7-awi’li’ "Qara woy" degen jerde turi’wshi’ Bektursi’n degen ji’rawdan S.Ma`wlenov, Sh.Xojaniyazovlar ta`repinen jazi’p ali’ng`an.

Bektursi'n ji'raw buni' bir kitaptan yadlap u`yrengenligin aytadi'. Bul tolg`awdi'n` ko`lemi 2 mi'n` qatarg`a shamalasadi'. "Posqan yel" waqi'yasi' tariyxi'y xu`jjetlerge qarag`anda 1730-32-ji'llarda Si'rda`r`yani'n` to`mengi ta`repinde Jan`a da`r`ya, Quwanda`r`ya boylari'nda woti'rg`an qaraqalpaqlardi' qazaq xani' **Yerali'** xanni'n` qi'rg`i'ng`a ushrati'wi' sebepli ata jurti' Turkstandi' taslap posi'p ko`shiwi, Xorezm shuqi'ri'na qaray i'g`i'si'wi' ma`selelerin so`z yetiuge qarati'ladi'. Izertlewshi A.Karimovti'n` miynetinde "Posqan el" tolg`awi'ni'n` mazmuni' teren` u`yrenilgen.

"Posqan yel" shi'g`armasi'ni'n` ideyali'q mazmuni'nda bir neshe ma`seleler: tuwi'p wo`sken jerge su`yiwshilik penen bir qatarda bu`lginshilikti keltirip shi'g`ari'wshi'larg`a qarsi' gu`res, yel birligin saqlaw, uri'wlar arasi'ndag`i' ala-awi'zli'qlardi' saplasti'ri'w, bir sho`rekti bo`lip jewge shekemgi gumanistlik qatnaslar su`wretlenedi. Jiyen ji'raw qaraqalpaqlar menen Xorezmge ko`ship kelgennen keyin Aral ten`izine, woni'n` qubla ta`repindegi atawlarg`a (Terbenbes, Mun`aytpas) A`muda`r`ya tarmaqlari', Ko`ko`zek boyi'na kelip qoni'slag`annan keyin shi'g`arg`an degen mag`li'wmatlardi' keltiredi.

Poemani' woqi'g`annan-aq ko`zge tu`setug`i'n yen` birinshi ayi'rmashi'li'q, shayi'rdi'n` shi'nli'q turmi'sti' burmalamastan, realistlik penen ashi'p beriwi, yag`ni'y shi'g`armadag`i' shi'nli'q. Bul ku`ta` a`hmiyetli na`rse. Wo`ytkeni, ha`r bir jazi'wshi'ni'n` do`retiwshilik salmag`i' woni'n` wo`z da`wirindegi shi'nli'q kartinani' qalayi'nsha ashi'p bergenligi menen belgilenedi. Biz usi'g`an qarap jazi'wshi' do`retpesinin` si'pati'n ani'qlaymi'z. Wo`z do`retpesinde puxara xali'q turmi'si'n bas tema yetip, so`z yetip woti'rg`an Jiyen ji'rawdi'n` "Posqan yel" poemasi'nda shi'nli'qti' su`wretlew menen xali'qqa bolg`an tilekleslik ti'g`i'z ushlasi'p keledi.

"…Jiyen bul poemada qaraqalpaq xalqi'ni'n` Jan`ada`r`ya boyi'nan Xorezmge ko`shiwin so`z yetedi,"[1] –dep jazadi', a`debiyatshi' A.Karimov. Poema qaraqalpaq xalqi'ni'n` ata jurti' Tu`rkstanda turag`i' bolmay, tag`i' da

[1]Каримов А. Жийен жыраўдың өмири ҳәм творчествосы, Нөкис, «ҚМБ», 1962. 73-бет.

jawgershilik ha`m u`stem toparlardi’n` zorli’g`i’na ushi’rap sho`l, dala arqali’ Xorezmnin` jerine qaray ko`shiwinen baslanadi’.

Ata jurti’ Tu`rkstan,
Wo`mirlik jaylaw bolmadi’.
Ku`ni-tu`ni ji’ynali’p,
Won yeki ayda tapqani’,
Qi’s azi’qqa jetpedi.
Tamtari’s boldi’ suwlari’,
Yekse yegin pitpedi.

Jolda ashli’qtan ha`m jol azabi’nan ko`p adam qi’ri’ladi’. Bu`lginshilikke ushi’rap posqan xali’q bir-birinin` hali’n sorawg`a da shamasi’ kelmeydi. Jol boyi’ wo`lip ati’rg`an balalari’n ata-analar ko`zi qi’ymay ilajsi’z qaldi’ri’p barati’rg`ani’ birme-bir so`z yetiledi. Jol boyi’ndag`i’ wo`lgen ha`m azap ko`rgen adamlardi’ su`wretleydi, qansha adam wo`lgenligin ko`rsetedi. Sol qayg`i’g`a baylani’sli’ bi’lay dep tolg`aydi’:

Bulardi’ ko`rip men sorli’,
Ku`ymeyin neg`i’p wotlarg`a?
A`dira qalg`i’r tuwg`an jer,
Bolmag`an son` abadan,
Woynap-ku`lip jatarg`a.

Wo`z xalqi’n shi’n ju`rekten su`ygen shayi’r xali’qti’n` awi’r jag`dayi’n ayti’p qayg`i’radi’. Biraq, bunda pessimizmnin` ko`rinisi joq. Wol u`mitsizlikke tu`speydi. Shayi’rdi’n` poemasi’ndag`i’ mun`li’ qatarlar miynetkesh xali’qti’n` basi’ndag`i’ awi’r tragediyani’ ko`rsetedi. Yeger de biz shayi’rdi’n` poemasi’n teren`irek talqi’lasaq buni’n` sebebin ani’q tu`sinemiz:

Nege qapa bolmayi’n,
Qobi’zi’mdi’ ne ushi’n,
Qayg`i’li’ yetip shalmayi’n?
Mi’na wo`lgen jas janlar,
Mi’na wo`lgen atalar,
Mi’na wo`lgen analar,
Ko`zlerin g`arg`a shuqi’ydi’,
Tappag`an son` panalar.
I’n`i’ranbayi’n men nege?

Mi’naw xali’q shubi’rg`an,
Barari’na jeri joq,
Batari’na ko`li joq,
Ataqli’ yetip bararg`a,
Ma`kani’, jayi’, jeri joq.
Soni’ ko`rip men sorli’,
Quwrag`an quw qobi’zdi’n`,
Qulaqlari’n burayman.

“Posqan yel” poemasi’nda jetim qi’z Minayi’m obrazi’ berilgen. Hayal-qi’zlarg`a feodalli’q katnas u`stem boli’p turg`an sol ma`ha`lde shayi’r jetim qi’zdi’n` obrazi’n jasaw arqali’ uli’wma yeziliwdegi qaraqalpaq qi’zlari’na wo`zinin` g`amxorli’g`i’n ko`rsetedi. Xali’q shubi’ri’p ko`shkende Minayi’mni’n` ata-anasi’ jolda wo`lip, jetim qaladi’. Qi’zdi’n` qayi’rxomi’ bolmag`anli’qtan Jiyen woni’ wo`zinin` izine yertip, wog`an bar ko`megin ko`rsetedi.

Ata-menen anasi’,
Wo`lip yedi bir ku`nde…
Qali’p yedi paqi’rlar,
Qi’zi’l qumni’n` woyi’nda.
Sonnan berli bul qi’zdi’,
Qasi’ma yertip a`lpeshlep,
Ishpesem de wo`z basi’m,
Tapqani’mdi’ berip yem.

Bunda da shayi’rdi’n` jarli’ xali’q wa`kiline ko`zqarasi’, mehribanli’g`i’, u`lken adamgershiligi ayqi’n seziledi. Sonday qi’yi’nshi’li’qta wo`zi jemey, jetim qi’zg`a pana boli’wi’ Jiyennin` bizge joqari’ adamgershiligin tani’tadi’. Poemadag`i’ bunnan keyingi waqi’yalar bi’layi’nsha dawam yetedi:

Jiyen qi’zdi’ izine yertip joli’n dawam yetip barati’rg`anda bir baydi’n` ko`shinin` u`stinen shi’g`adi’. Wolar tamaq berer degen u`mit penen baydi’n` u`yine baradi’. Baydi’n` topas, zuli’m balasi’ Jiyennin` qasi’ndag`i’ won u`sh jasar Minayi’mdi’ ko`rip, woni’ tarti’p almaqshi’ boladi’. Biraq, Jiyen wog`an qayi’lshi’li’q bermeydi. Sonda Yereke bay ha`m woni’n` balasi’ Jiyendi sabap,

yesinen tandi’ri’p taslaydi’ da qi’zdi’ ali’p ketedi. Biraz waqi’tlar wo`tken son` Jiyen yesin ji’ynap, ko`zin ashi’p qarasa, bay Minayi’mdi’ ali’p ko`ship ketipti. Bas ushi’nda izinen kelgen yeki inisi woti’r yeken. Bular tirteklesip jolg`a shi’g`adi’, tan` atar waqti’nda yeki inisi ju`re almay ji’g`i’ladi’. Keyninen kelgen adamlar wolarg`a qati’p qalg`an nani’nan berip, tag`i’ alg`a qarap ju`rip ketedi. Aradan u`sh ku`n wo`tkende posqi’nshi’lardi’n` azi’qlari’ tawsi’ladi’. Jarti’wli’ tamaq bolmag`annan keyin, ha`mmesinin` wortasi’ndag`i’ ko`rpe-to`sek arti’p kiyati’rg`an jalg`i’z yeshekti soyi’p jewge ma`jbu`r boladi’ ha`m joldi’ dawam yettiredi. Aradan won u`sh ku`n wo`tkende Aral ten`izinin` jag`asi’ndag`i’ Mun`aytpas, Terbenbes degen atawlarg`a kelip jetedi. U`sh ju`z adam won-wonnan qos boli’p, usi’ jerge qoni’s basadi’. Bali’q awlap, ku`n keshiredi. Biraq, bul ko`pke barmaydi’. Qi’s kelip, ko`lge muz qatadi’. Ash-jalan`ash xali’qti’n` to`senerge to`segi qami’s boladi’. Jalan` ayaq, jalan` bas adamlar qi’sta bali’q awlay almaydi’. Atshoqay menen qarabaraqti’n` da`nin jep ku`n ko`redi. Ashli’qtan u`sh ju`z adamni’n` da jari’dan ko`bi wo`ledi. Ba`ha`r keledi, qaza saladi’, qazag`a bali’q mol tu`sedi. Ko`pshilik toyi’ni’p qaladi’.

Jiyen ji’rawdi’n` "Posqan el" ha`m "Ulli’ taw" tolg`awlari’ qaraqalpaq xalqi’ni’n` tariyxi’n, ta`g`dirin, woni’n wo`z betinshe xali’q boli’p ha`m basqa xali’qlar menen ten` boli’p jasaw ma`selelerin wortag`a taslawi’ jag`i’nan da a`hmiyetliJuwmaqlap aytqanda, Jiyen ji’raw wo`z do`retpelerinde shi’n xali’qli’q ideyani’ ko`tergen xali’qshi’l shayi’r boli’p tabi’ladi’. Wol shi’g`armalari’nda yel ha`m xali’qti’ worayli’q tema yetip aldi’ ha`m woni’ duri’s su`wretley bildi.

# PAYDALANILG`AN A`DEBIYATLAR DIZIMI


1. Айдаров.Г.“Орхон ескерткиштерінін тексі”-Алматы.Гылым,1990.
2.. Айдаров.Г.“Язик орхонских памятников древнетюрской письменности VIII-века”Алма-Ата,1971

3. Кәримов И. Жоқары мәнаўият – жеңилмес күш, Ташкент:- «Маънавият», 2008-жыл, Б.136.
4. Стевлева.И.В.»Поэтика древнетюрской летературы и ее трансформация в раннеклассический период»Москва

5. Karimov A. «Jiyen j?rawd?n` o`miri ha`m do`retpeleri» N- 1963.

6. Мәмбетов.К»Ерте дәўирдеги каракалпак әдебияты»Нокис.Билим».1992

7. Karimov A. A`debiyat?m?zd?n` geypara ma`seleleri N.-1988, 80-91-betler Jiyen j?raw ha`m on?n` j?rawsh?l?q o`neri haqq?nda.

**8.** Ma`mbetov K. A`yyemgi qaraqalpaq a`debiyati’. No`kis, 1976.

**9.** Ayi’mbetov Q. Xali’q danali’g`i’. N-1988.

10. Karimov İ. A. Tarixiy xotirasiz kelajak yoq.- Toshkent: «Sharq» nashriyoti-matbao kontserni bosh tahririyati, 1998.

11. Bahad?rova S. Jiyen j?raw ha`m qaraqalpaq j?rawlar? «Erkin QQ stan» gazetas?, 1991-j?l , N202/15871/ 18- oktyabr`. Shay?rd?n` 260 j?l?g`?na.

12.Internetmateriyallari’:http://irq.kaznpu.kz/?mod=1&tid=1&oid=17&l=k

13.www.ziyonet.uz

**14** www. Inetlibary. com.

**15. www.google.com**